


**INAMA
NKENGUZAMATEKA**

dresse : Av. du Peuple Murundi
B.P. : 114 Gitega
Tél : (+257) 22 40 50 08
22 40 50 23

Site Web : www.senat.bi
e-mail : info@senat.bi

N. Réf : SNB/ COM.II/...../2025



SENAT

Gitega, le 6. 1. 10 /2026

Objet : Transmission d'un rapport


A Son Excellence Très Honorable
Président du Sénat
à
Gitega

Excellence Très Honorable Président,

J'ai l'honneur de vous transmettre, en annexe à la présente, le rapport des descentes effectuées par les sénateurs de la Province BUTANYERERA en dates du 02 au 14 septembre 2026 dans toutes les communes de cette province.

Vous en souhaitant bonne réception, je vous prie d'agréer, Excellence Très Honorable Président, l'assurance de ma très haute considération.

Sénateur Berchmans NZOYIHAYA, Chef de délégation.



INAMA

NKENGUZAMATEKA

Adresse : Avenue du Peuple

Murundi

B.P. : 114 Gitega

Tél : (+257) 22 40 50 08

: (+257) 22 40 50 23

Site Web : www.senat.bi

E-mail : info@senat.bi

: senat@senat.bi

SENAT

Gitega, le 2... / 10 / 2026

ICEGERANYO C'INGENDO ABAKENGUZAMATEKA BATOWE MU NTARA YA BUTANYERERA BAGIZE MU MAKOMINE AGIZE IYO NTARA MURI NYAKANGA 2026

I. INTANGAMARARA

Mu ntumbero yo kugenzura no gukurikira uko ishirwa mu ngiro ry'umugambi wa Reta wo kwegereza ubutegetsi abenegihugu ririko riragenda, Inama Nkenguzamateka yaratunganije ingendo mu makomine yose agize igihugu c'Uburundi aho abakenguzamateka bagendera intara batowemwo. Intumbero y'izo ngendo yari iyo kuganira n'abo vyega kugira ngo bamenye aho gutorera umuti ibibazo batanguranye ikiringo cabo bigeze, ndetse barabe n'icokorwa kugira ibitaratorerwa inyishu navyo bije ku murongo.

Mu ntara ya Butanyerera hagiye abakenguzamateka bakurikira :

1. Umukenguzamateka NZOYIHAYA Berchmans, yari arongoye umurwi ;
2. Umukenguzamateka NYIRANEZA Joséphine ;
3. Umukenguzamateka HABIMANA Léonard.

Abari batumiwe muri ivyo biganiro

1. Buramatari canke intumwa yiwe
2. Uwuserukira ACO Burundi

3. Batatu bagize ibiro vy'inama ya komine
4. Musitanteri
5. Umunyamabanga nshingwabikorwa wa komine
6. Abarongoye ibisata 11 muri komine
7. Abarongoye amazone agize komine

Uko amakomine yagendewe

1. Komine Busoni : igenekerezo rya 02 Nyakanga 2026
2. Komine Kirundo : igenekerezo rya 03 Nyakanga 2026
3. Komine Kiremba : igenekerezo rya 04 Nyakanga 2026
4. Komine Ngozi : igenekerezo rya 07 Nyakanga 2026
5. Komine Tangara : igenekerezo rya 08 Nyakanga 2026
6. Komine Muhanga :igenekerezo rya 09 Nyakanga 2026
7. Komine Kayanza : igenekerezo rya 10 Nyakanga 2026
8. Komine Matongo : igenekerezo rya 14 Nyakanga 2026

Mu makomine yose bagendeye ibikorwa vyari bitunganijwe uku gukurikira :

1. Igisabisho
2. Ururirimbo ruhayagiza igihugu c'Uburundi
3. Amajambo y'ikaze yashikirizwa na Buramatari w'intara ya Butanyerera canke intumwa yiwe na Musitanteri wa Komine yagendewe
4. Ijambo ryo kwugurura ibikorwa ryashikirizwa n'Umukenguzamateka NZOYI HAYA Berchmans yari yagiye arongoye abandi
5. Kwidondorana hagati y'abitavye ibikorwa, aho Umukenguzamateka Berchmans yagenda yereka abitavye ibikorwa abakozi babiri b'Inama Nkenguzamateka bakorera mu ntara ya BUTANYERERA ; bagaca batanga n'umero zabo za terefone kugira abipfura kubitura bazokoroherwe kubaronka. Yagirako anabamenyesha ico bajejwe yibutsa ko abo bakozi batajwe guca imanza ariko ko begeranya ibisabo vy'abenegihugu bakabishikiriza abakenguzamateka kugira bikenewe bafashe. Ariko kandi, yamenyesheje ko imanza zahejeje gucibwa mu butungane abo zega bakabonamwo amahinyu barekuriwe kwitura Inama Nkenguzamateka, ariko izikiri mu bucamanza borindira zigahera

6. Icegeranyo cerekana aho gushira mu ngiro ivyari vyasabwe mu ngendo zabaye muri Gitugutu 2025 bigeze, ivyaranguwe, ibitashoboye kurangurwa, intambamyi bahuye n'ico basaba kugira zitorerwe inyishu cashikirizwa na Musitanteri wa komine yagendewe
7. Icegeranyo cerekana ivyaranguwe muri komine mu mwaka uheze wa 2025-2026 hisunzwe vya bisata 11, intambamyi bahuye, ico babaye barakotra mu gahangana n'izo ntambamyi n'ico basaba kugira zitorerwe inyishu. Ico cegeranyo na co nyene cashikirizwa na Musitanteri wa komine yagendewe
8. Kumenyesha uko umunsi mukuru v'amakomine n'umunsi wahariwe gufatana mu nda yagenze vyashikirizwa na Musitanteri wa komine yaba yagendewe
9. Kumenyesha ibindi bibazo bihanze abenegihugu bitaba vyavuzwe muri birya vyegeeranyo bibiri vyavuzwe aho hejuru
10. Guhanahana ivyiyumviro
11. Impanuro zatangwa n'abakenguzamateka
12. Ijambo ryo gusozera
13. Ifoto y'umuryango
14. Gutanga amakaye ku banyeshure 100 bava mu miryango ifise amikoro make.

II. UKO BASANZE VYIFASHE MU MAKOMINE YAGENDEWE

Inyuma y'izo ngendo, ibibazo vyibonekeza mu makomine agize intara ya BUTANYERERA twobishira mu mico itatu :

- 1) Ibibazo rusangi vyari vyashikirijwe muri Gitugutu 2025 bitaratorerwa umuti
- 2) Ibibazo rusangi vyashikirijwe gushasha muri ico ngendo zo muri Nyakanga 2026
- 3) Ibibazo vyiharijwe n'ikomine imwe imwe ukwayo

2

A. IBIBAZO RUSANGI VYARI VYASHIKIRIJWE MURI GITUGUTU 2025 BITARATORERWA UMUTI MU NTARA YA BUTANYERERA

N°	IVYARI VYASABWE MU NGENDO ZO MURI GITUGUTU BITARATORERWA UMUTI	UMWIHWEZO
1.	Gusubiriza abigisha bagenywe mu yandi mabanga	Vyakozwe ariko atari 100%, bagasaba ko aho batakwiye Reta yobaha ababuze, ndetse ntihasubirizwe abagenywe mu yandi mabanga gusa, bagasubiriza n'abitavye Imana, abakukuritse n'abagahevywe kubera imvo zitandukanye
2.	Gusubiriza abaganga bagenywe mu yandi mabanga	Ntibarasubirizwa, kenshi abavuye ku mavuriro n'ibitaro bakajya gukora mu makomine n'amazone babandanya baja gusahiriza aho baje bava, bigatuma hari ibica bicererwa gukorwa kubera bakora babangikanije
3.	Kuronsa amakomine inyubakwa zikwiye	Amakomine amwe amwe aracafise ikibazo c'ibiro vyo gukoreramwo
4.	Kuronsa amakomine n'amazone ibikoresheho hatibagiwe amamashini nyabwoko	Ntibararonswa ivyo bakeneye vyose. Bagasaba ko amazone yoronswa zirya mashini za kera z'intoki kugira boroherwe mu gutanga amakarata ndangamuntu
5.	Kunyarurisa gushiraho igitabu gitanga intumbero y'ibikorwa mu vyerekeye intwari n'ubutunzi (Manuel de procédures administratives et financières) ;	Carashizweho ariko barasaba ko hoba gutororokanya utunenge turi muri icyo gitabu tugahinyanyurwa.
6.	Gushiraho ingingo zitomora neza ivyerekeye ibikorwa vy'iterambere rusangi;	Ntikirakorwa uretse ko hamwe hamwe ba musitanteri bishiriyeho ingingo mfatakibanza nko guca ihadabu abatavyitaba
7.	Gutanga umwanya ukwiye wo gutekura imigambi ya komine	PCDC hasanzwe iracafise ikiringo co gushika mu 2028. Basaba ko hageze gutekura iyikurikira hotangwa umwanya ukwiye kugira PCDC isigurirwe abenegihugu basurukira abandi kugira bemeze imigambi yashirwa imbere mu turere tugize komine
8.	Kwongereza uburyo buhabwa abajenama ba komine mu gihe bitavye amanama	Ntikirakorwa biciye mu mategeko, ariko mu makomine amwe amwe barabaye barafata ingingo zo kworohereza abo bajenama ariko basaba ko hoba ingingo ituma bikorwa kumwe mu

α

		makomine yose y'igihugu. Hosubirwamwo amategeko mperekeza ajanye n'uburusho buhabwa abajenema b'amakomine
9.	Gutunganiriza badatevye abenegihugu baba bashoye umwimbu	Hoboneka uburyo bwoguhemba abashoye umwimbu wabo ku gihe
10.	Kuronsa ibitaro n'amavuriro imiti, ibikoresho n'abaganga bikenewe	Ntibirakorwa kuko gushika ubu mu mavuriro ya Reta nta miti ikwiye iboneka, ndetse n'abaganga ntibakwiye
11.	Kuronsa agahembo kabo abakozi bafitaniye amasezerano n'ibitaro canke amavuriro ;	Mu makomine nka yose bavuze ko abo bakozi baheruka kuronswa agashahara kabo ariko bagasaba ko vyoza birakorwa ku gihe kugira bakore bagoncnokewe
12.	Kuronsa amakomine umugabane yagenewe kw'ikori ritozwa na OBR ku mazu n'ibindi bitanza bikoteshejwe ;	Bavuze ko OBR yayatoje ariko batararonswa umugabane wabo. Bakanasaba ko OBR yogwiza abakozi mu makomine kugira bashobore gushikira abatangakori bose. Hari n'abasavye ko komine yoba ari yo itoza ayo mahera hanyuma igaha OBR umugabane wayo kuko ngo komine yoyo vyoyorohereza gushikira abatangakori bose ifise muri komine icye ku bakozi bayo
13.	Kuronsa inyigisho abadandaza kw'ikoresha ry'akamashini gafasha mu kurishisha ibidandazwa, gushikana utwo tumashini aho tutarashika mbere bakaronswa uburenganzira bwo kukariha mu mice (en tranches);	Ntikirakorwa, ndetse n'abadufise ngo ntibadukoreshe bose
14.	Kworohereza abaronkejwe impapuro za ba ntahonikora kugira baronke ubufasha batarasinzikara	Bavuze ko ku rwego rwa komine ata ngorane zihari, basaba ko bokworoherezwa n'ibindi bisata bitura nyuma yuko komine imaze kubaronsa urwo rupapuro rwa ntahonikora
15.	Gushikana umuyagankuba n'amazi meza ku biro vy'amazone	Ahenshi amazone ya kera canke ayari ku mirwa mikuru y'amakomine ya kera ni yo abifise, mashasha ntarabironswa

16.	Kwubaka no gusanura amabarabara n'ibiraro	Ntibirakorwa. Reta yofasha kwubaka ibiraro cane cane biri ku nzuzi nini nini, yobandanya gufasha kwubaka amabarabara y'amakomine
17.	Amashirahamwe ARB na OBUHA yobandanya ibikorwa yaciriye hagati	Ntibirakorwa, bagasaba ko ayo mashirahamwe yosubira ku kivi
18.	Mu gushigikira amakomine, Reta yokwisunga amikoro y'amakomine	Amategako ahari yohinyanyurwa kugira bigende neza
19.	Kurishisha amafaranga y'ibanze (avance) ku mbuto zirobanuye kugira bamenye izikenewe uko zingana zikongera zigatangwa ku gihe	Bikozwe vyofasha kumenya izikenewe kuko gushika ubu abarimi ntibazironswa uko bazipfuza ziba nke
20.	Guhinyanyura ibwirizwa ryunganira Ibwirizwa Shingiro inomero 1/05 ryo ku wa 07 Ruheshi 2024 rishinga intara, amakomine, amazone, imitumba n'amakaritiye n'imibire zavuyo	Ntibirakorwa ariko mu ntara ya Butanyerera bamenyesheje ko nta kibazo c'imibire bafise. Bagasaba ko hosohoka amakarata yerekana neza imibire z'amakomine, amazone, imitumba n'amakaratiye kugira ahari utungonongono bitomoke.
21.	Ibanki y'abakenyezi BIDF yoza iranyarutsa gutanga ku mwanya ingurane ziba zasabwe ikongera igafasha amakomine mu kwigisha kwitegurira imigambi isabirwako ingurane	Basaba ko iyo banki yoshira amashami yayo ku mirwa y'amakomine kugira boroherve kuko izo ngurane banazironka bakoresheje uburyo bwinshi, vyanse mu makomine basi bagashira amashami ku mirwa mikuru y'intara zose kugira ababitura boroherve
22.	Gutunganya gushasha ibitigiri vy'abahuza ku mitumba n'amakaritiye hisunzwe indinganizo nshasha y'intwara	Vyokorwa bakagirako basubiriza n'abitavye Imana ndetse n'abigenza nabi
23.	Gutunganya inyigisho nkarishabwenge ku ndongozi z'amakomine n'amazone	Bavuze ko indongozi mu mazoni zitibukwa cane mu bijanye n'inyigisho, ngo kenshi hatumirwa abo muri komine bagasaba ko na bo boza barabibuka

24.	Kuriha amadeni Reta ifitiye ibitaro n'amavuriro;	Borihwa kugira bashobore kugura imiti n'ibikoresho bakenera gutyo ababitura bashobore kubatunganiriza vyoroshe
25.	Reta yofasha abakenyezi bafise umurwi w'amaraso <i>O négatif</i> kuronswa ku buntu umuti babatera igihe co kwibaruka na rirya abafise uwo murwi w'amaraso basanzwe ari bake;	Basavye ko hobanza kuba rusansuma y'abafise uwo murwi kugira hamenyekane igitigiri cabo ndetse bagahimiriza abarundi bose kwisuzumisha kugira bamenye umurwi wabo w'amaraso
26.	Gutanga intumbero ku bijanye n'abanyamahanga bagura amatongo mu Burundi	Ntibirakorwa, henshi bavuze ko mu kugura amatongo abanyamahanga batuma abarundi bikagora abajijwe intwari kumenya ko haguze umunyamahanga
27.	Guhinyanyura ibwirizwa rijanye no gucukura ubutare kugira amakoperative yoroherwe kurishira mu ngiro kuko harimwo igipfungu	Ntibirakorwa
28.	Gutegurira inama z'amakomine "Règlement Intérieur type" kugira bayisunge	Ntibirakorwa. Ariko amakomine amwe amwe yarabaye arategura izo akorerako
29.	Gutegurira amakomine integuro y'ingene abakozi bayo bohembwa	Ntibirakorwa
30.	Gutegekanya uburyo bujanye n'ingendo abategetsi bagira mu makomine kugira amakomine agabanirizwe umuzigo wo gusohora amahera yo kubakira ataba yarategakanijwe	Muri Butanyerera bavuze ko kitarakorwa ariko kandi bakavuga ko kwakira abashitsi ari umuco mwiza w'ikirundi kandi umuntu awukora ata gahato mu gihe abishoboye.
31.	Kwemera guha akazi muri komine abakozi baclasanzwe bafise akazi ka Reta kugira hagabanywe kwambura abakozi ibindi bisata vyayo	Bavuze ko vyofasha kuzuriza ibanza bikibura abakozi batarinze gukurwa mu bundi buzi bwa Reta
32.	Gusubira gukubita inzu ibipfunsi ikaronsa uburyo bwo kwiyoungurura amakomine	Bashikirije ko imiduga amakomine afise uno muni ishaje bigatuma bakoresha uburyo bwinshi mu kuyinagura kuko iguma ipfa ikama muri garaje, ndetse bikanatuma ibikorwa bitagenda

α

		neza kuko bica bigorana kwiunguruza na rirya amakomine yagutse
33.	Gukurikiranira hafi abantu baja gukora hanze y'igihugu kugira ibihugu vyabakiriye bikurikirane ubuzina bwabo	Ababijejwe bokurikirana
34.	Kuronsa umushahara abasitanteri n'abahanuzi mu mazone bari ku kivi kuko baratevye guhembwa	Ntibirakorwa kandi igihe kibaye kirekire mbere bigatuma akazi katagenda neza kuko hari abavyitwaza mu gusiba canke gucwa ku kazi bikagorana kubashirako igitsure
35.	Gushiraho itegeko ritomora neza uturusho twohabwa abakozi ba komine basanzwe bahembwa na Reta	Ntibirakorwa.

B. IBIBAZO RUSANGI VYASHIKIRIJWE GUSHASHA MURI IZO NGENDO ZA NYAKANGA 2026 MU NTARA YA BUTANYERERA

N°	IBIBAZO BIHANZE ABENEGIHUGU	ICO BASABA KO COKORWA
1.	Ikena ry'imiti n'ibindi bikoreho mu mavuriro ya Reta kandi mu mavuriro y'abikorera utwabo vyuzuye	Ibitaro n'amavuriro vya Reta vyoronswa imiti n'ibindi bikoreho vyo kwa muganga kugira abenegihugu bavyitura borohere
2.	Inzoga ziri mu benegihugu zifise umwambi mwinshi, zigasinzikaza amagara y'abenegihugu bigatuma badashobora gukora ngo biteze imbere	Ababijejwe bosuzuma neza ivyo binyobwa imbere yuko bishirwa kw'isoko, bimaze kuja kw'isoko bakabandanya bakurikirana ko ivyo bemereye ari vyo bibandanya kudandanzwa
3.	Umwavu hari abagifise ibirane batarashobora kuwonswa, n'iyi ubonetse uboneka udakwiye	Basaba kuronswa umwavu ukwiye kandi ku gihe, abafise ibirane na bo bagatunganirizwa

α

4.	Hari ibisata vyari bikwiye kuronswa igisata vyihariye nk'igisata kijejwe abakozi n'akazi (département communal de la fonction publique)	Ababijejwe boraba ko ico gisata cojaho kugira abitura komine borohere mu bisata vyose bigize ubuzima bwa komine
5.	Abahanuzi mu mazoni ntibagira uburyo bwo kwiyungurura no gutumamanako amakuru (frais de communication)	Boronswa ubwo buryo kugira bashobore gushika mu mitumba yose bashobore no kurondera no gutanga amakuru vyoroshe
6.	Hariho amazone atararonka abacamanza, imanza zivuye mu bahuza baca babura uko zibandanya	Inzego zibijejwe zobashiraho vuba kugira imariza zishobore kubandanya zive mu nzira
7.	Ikena rikabije ry'igitoro bigatuma kwiyungurura bibazimba cane.	Reta yogira ico ikoze
8.	Kubura aho bashorera umwimbu, n'iyi baharonse baratubwa guhembwa, cane cane ibigori kuko uwo mwaka nta n'umwe yari arekuriwe gushora ibigori birenga itoni imwe kandi nko ku makoperative baba bimbuye vyinshi	Reta yategekanye uburyo bukwiye bwo kugura umwimbu w'ibigori. Abashoye bohabwa udufaranga twabo bidatevye
9.	Ababuranyi basanga ibirango vyo kwungurura vyabaheranye kubera ukutamenya	Bagasaba ko igihe co kumenyeshwa urubanza boza baragirako babamenyeshye n'ikiringo bafise co kwungurura mu gihe bovyipfuzwa
10.	Ubukenye bw'ibitoro ku maserevisi yandi ya Reta komine itiza imodoka bigasaba ko iyo komine ibatije imodoka ibahana n'ibitoro	Ibisata bikunda gukenera imodoka ya komine, nka Parquet, TGI, igiporisi n'izindi, vyoronswa igitoro kugira komine ibatije imodoka baze barishiriramo igitoro
11.	Hari uturusho abatwara ibisata mu makomine bategerezwa kuronswa dutangwa n'itegeko ry'umukuru w'igihugu ariko gushika ubu ntirajaho	Basaba rero ko bobasabira iryo tegeko rikaboneka kuko kenshi mu bijanye n'uturusho nta birarane baronswa rija mu ngiro guhera rishizweho kandi iminsi iriko iraba myinshi

12.	Ibisata vya komine ntibifatwa kumwe aho usanga hari abaronkejwe uburyo bwo kwiyingururiza abandi ntibaburonswe, mbere hari n'ibisata bitaronkejwe uburyo bwo gukora (budget de fonctionnement). Ibisata bitahawe amafaranga yo gukoresha : Igisata kijejwe inyubako rusangi Ibisata bitahawe uburyo bwo kwiyingururiza : 1. Igisata kijejwe agateka ka zina muntu, gutegekaniriza kazoza abenegihugu n'iterambere ridakunira 2. Igisata kijejwe inyubako rusangi 3. Igisata co gutunganya, gukurikirana no gusuzuma imigambi n'ubutunzi vy'ikomine 4. Igisata c'intwari n'iterambere rusangi	Basaba ko ibisata bitaronse ivyo abandi baronkejwe vyobironswa. Muri kazoza naho bakagerageza kubifata kumwe vyose bikaronswa ivyo bikeneye
13.	Gucikagurika kw'umuyagankuba no gukama kw'amazi meza	Ibikorwa vyo kwiteza imbere bisaba umuyagankuba vyarahagaze. Kubera ubukene bw'amazi meza, abenegihugu ata gikozwe baratinyira ko hazohava haduka ingwara zifatye kw'isuku rike

2

C. IBIBAZO NYAMUKURU BIRABA IKOMINE IMWE IMWE VYEGERANIRIWE HAMWE

Ibibazo bikuru abakenguzamateka bagiye barabaza mu makomine bagendeye n'inyishu baronse ni ibi bikurikira mu ncamake :

KOMINE	ABIGISHA BABURA	INTEBE ZIBURA	AMAHERA YATOJWE MU MWAKA 2025-2026	ABAKOZI BAHEMBWA NA KOMINE	ABAJENAMA BA KOMINE BABURA	UBURYO BWAKOZE KU MUSI WO GUFATANA MU NDA N'UW'AMAKOMINE
BUSONI	Habura abigisha 372 Abakutsakivi: 0 Abakorerabushake : 372 bahembwa na komine	3 991	165.582.900 Budget de Fonctionnement : - Budget d'Investissement : -	Abakozi 18	Barakwiye	Abenegihugu : 1.023.200F Valorisation des aliments : 17.605.500 Komine : 5 542 500
KAYANZA	Habura abigisha 233 Abakorerabushake : 167 bahembwa n'abavyeyi Abakutsakivi : 0	6.002	2.354.719.366 Budget de Fonctionnement : 1.292.607.145 Budget d'Investissement : 989.872.707	Abakozi 88 (19.170.512/mois)	Habura 02	Abenegihugu : 9.323.000EIF Valorisation des aliments : 47.607.300 Komine : 13.260.400
KIREMBA	Habura abigisha 236 Abakutsakivi : 16 bahembwa n'abavyeyi	5.317	1.361.515.262 Budget de Fonctionnement : 948.714.086	Abakozi 73 (27.554.680/mois)	Barakwiye	Abenegihugu : 1bifungurwa Komine : 5.000.000Frs (yemejwe na Conseil communal)

2

	Abakorera bushake : 220 bahembwa n'abavyeyi		Budget d'Investissement : 442.851.297				
KIRUNDO	Abakutsakivi : 305 bahembwa na komine n'abavyeyi Abakorera bushake : 0	9.527	1.939.932.033 Budget de Fonctionnement : Ntaco babivuzeko Budget d'Investissement : 598.153.001	Abakozi 120 (16.791.449/mois). Musitanteri n'abandi bakozi hariho uturusho bahabwa	Ntaco babivuzeko	Abenegihugu : 3.1483.900 Komine : 0	
MATONGO	Hiabura abigisha 335 Abakutsakivi : 178 bahembwa n'abavyeyi Abakorera bushake : 136 bahembwa n'abavyeyi	4.319	1.824.389.036 Budget de Fonctionnement : 788.249.521 Budget d'Investissement : 1.036.139.515	27(4.900.912BI F/mois)	1 (umwanditsi)	Abenegihugu : 1.648.000BIF Komine : 2.570.000BIF (Ntiburemezwa na Conseil communal)	
MUHANGA	Hiabura abigisha 131 Abakutsakivi : 0 Abakorera bushake : 302 bahembwa n'abavyeyi	2 867	- Budget de Fonctionnement : 720 943 405 Budget d'Investissement : 660 793 440	85 (bahembwa 20 360 002 frs par mois)	Barakwiye	Abenegihugu : 11 970 700+ 22 tonnes z'ibifungurwa Komine : 5.000.000Fr	

2

NGOZI	Habura abigisha : Ntaco babivuzeko	4.694	3.018.644.701	Nta gitigiri batanze (20.039.239/mois)	Barakwiye	Abenegihugu : 0 Komine : 37.404.600(bwemejwe na musitanteri n'umunyabigega)
	Abakutsakivi : 56 bahembwa n'abavyeyi		Budget de Fonctionnement : 1.841.129.019 Budget d'Investissement : 2.219.081.806			
	Abakorerabushake : 117 bahembwa na komine					
TANGARA	248	5.789	1.889.565.305	95 (20.465.259BIF/mois)	Barakwiye	Abenegihugu : 1.622.200BIF Komine : 0
			Budget de Fonctionnement : Ntaco babivuzeko Budget d'Investissement : Ntaco babivuzeko			

D. IBIBAZO VYIHARIJWE N'IKOMINE IMWE IMWE VYASHIKIRIJWE MU NGENDO ZO MURI NYAKANGA 2026 MU NTARA YA BUTANYEREA

1. KOMINE BUSONI:

N°	IBIBAZO BIHANZE ABENEGIHUGU BO MURI KOMINE BUSONI	ICO BASABA KO COKORWA
1.	Ihindagurika ry'ibihe rituma haka uruzuba rvinshi	Bahimiriza abenegihugu kwijukira kurima ibiterwa bivomerwa kugira bibasahirize mu gihe c'uruzuba

2.	Ibarabara Nyarunazi-Kobero na Kabanga-Gasenya rihuza ibihugu bitatu bari bemerewe ko rizoshirwamwo kaburimbi ntirashotora gukorwa	Iryo barabara ryokorwa
3.	Ubukene bw'amazi meza, imitumba nyingi igize iyo komine iri ku mataba, bikagorana ko amazi ashikira abenegihugu	Reta yofasha kugira amazi ashikire abenegihugu bo muri iyo komine ku mitumba yose

Amafaranga yatojwe mu mwaka wa 2025-2026 muri Komine BUSONI

UKWEZI	AYATOJWE (RECETTES)
MUKAKARO	55 767 277
MYANDAGARO	69 034 098
NYAKANGA	71 587 000
GITUGUTU	120 608 120
MUNYONYO	88 325 350
KIGARAMA	114 391 440
NZERO	140 877 290
RUHUHUMA	102 006 570
NTWARANTE	263 871 085
NDAMUKIZA	249 653 380
RUSAMA	137 525 280

RUHESHI	216 334 360
TOTAL	-
Budget de fonctionnement	-
Budget d'investissement	-

Uturusho duhabwa abakozi

Komine yaratanze uturusho (prime) kuri musitanteri, umunyamabanga nshingwabikorwa hamwe n'abahanuzi mu mezi ya Mukakaro na Myandagaro 2026

Abakozi komine ihemba

Abakozi **18**

Intebe

Izari zikenewe: **6 276**

Izakozwe kandi zatanze : **1 626**

Izikiriko zirakorwa : 659

Izibura : **3 991**

Abigisha

Habura abigisha 248

Abakutsakivi (vacataires) : 0

Abakorerabushake (bénévoles) : 372 bahembwa na komine

Imisi mikuru uw'ama komine n'uw'ashigikirana :

Uburyo bwatanze n'abenegihugu : Amafaranga : 1 023 200Fr

Agaciro (valeur monétaire) k'ibifungurwa batanze : 17 605 500Fr

8

Komine yatanze : 5 542 500Fr

Abagize inama ya komine

Barakwiye

2. KOMINE KIRUNDO

N°	IBIBAZO BIHANZE ABENEGIHUGU BO MURI KOMINE KIRUNDO	ICO BASAHA KO COKORWA
1.	Ubukene bw'amazi meza	Hari imigende y'amazi yategerezwa gukorwa ariko n'ubu itarakorwa imiringoti imaze iminsi myinshi irunze kw'ibarabara, basaba ko vyokorwa
2.	Abaganga bafitaniye amasezerano n'ibitaro (sans matricule) hari uturusho (prime de stabilisation) bataronka bigatuma baca bagenda	Basaba ko utwo turusho twoshirwa ku mishahara y'abaganga tugahabwa abaganga bose. Igihe hageze gusubiriza abo baba bafise matricule bagaye gukorera ahandi naho abo bafitaniye amasezerano n'ibitaro boshirwa imbere (prioritaires) kugira baronswe « <i>matricule</i> ».
3.	Ihindagurika ry'ibihe rituma umwimbu uba muke ahandi naho amazu y'abenegihugu agasamburwa n'umuyaga n'inyubakwa rusangi zidasigaye inyuma.	
4.	Kubura amazi meza mu mazonde y'akarere ka Komine BUGABIRA ya kera.	Reta yofasha kugira uturere twose turonswe amazi meza
5.	Impapuro zimwe zimwe zitangirwa kure (Karangamuntu).	Ababijwe boraba icokorwa kugira abenegihugu boroherezwe

6.	Amatati y'amatongo bivuye kw'irvirirana ry'abantu	
7.	Abungururiza imanza ku Mushikiranganji abijejwe hakababera kure	

Amahera yegeranijwe mu mwaka 2025-2026 muri komine KIRUNDO

UKWEZI	AYATOJWE(RECETTES)	AYAKOZE IBIKORWA MISHI (FONCTIONNEMENT)	VYA YOSE	AYAKOZE IMIGAMBI (INVESTISSEMENT)
MUKAKARO	90 129 554	42 547 549		0
MYANDAGARO	117 533 161	59 768 457		36 849 400
NYAKANGA	144 715 451	77 115 638		14 315 000
GITUGUTU	180 187 198	93 563 973		34 103 500
MUNYONYO	217 421 772	108 789 884		29 619 000
KIGARAMA	167 610 865	106 326 340		71 252 608
NZERO	152 821 465	178 605 839		3 340 000
RUHUHUMA	149 763 750	118 690 067		65 301 000
NTWARANTE	194 479 034	121 249 981		78 438 000
NDAMUKIZA	181 281 046	104 159 828		69 050 900
RUSAMA	153 087 180	106 170 920		122 317 593
RUHESHI	197 812 418	121 002 894		73 566 000
TOTAL	1 939 932 033	1 341 779 032		598 153 001

Uturusho duhabwa abakozi

- **Abarongoye amazone mirongo ibiri (20)** : Umwe wese aronka ibihumbi amajana abiri ku kwezi (200 000F/ mois) y'agahembo bahabwa na Komine. Hambavu yayo bararonka kandi amafaranga ibihumbi mirongo ibiri (20.000F) umwe umwe yo guhanahana amakuru. Ni ukuvugako hasohoka imiriyoni zine ku kwezi (4 400 000F) ku turusho duhabwa abakuru b'amazone.

2

- **Abakuru b'imitumba ijana na mirongo ine(140).**Umwe wese aronka ibihumbi mirongo itanu ku kwezi (50 000 F/mois) .Ni ukuvuga ko hasohoka imiriyoni indwi (7 000 000F) ku kwezi mu guhamba abakuru b'imituba.
- **Musitanteri wa komine :** 600 000F ; akarusho (prime)
 - 400 000F : Gutumatumanako amakuru (Communication)
 - 250 000F : Ayarihirwa inzu(Loyer)
- **Umunyamabanga nshingwabikorwa wa komine :** 400 000F Akarusho (prime)
 - 200 000F : Gutumatumanako amakuru (frais de communication)
- **Abahanuzi(4) ba Musitanteri wa komine :** -Gutumatumanako amakuru(Communication) : 150 000F umwe umwe. Ni kuvuga ibihumbi amajana atandatu ku kwezi (600 000F) Akarusho (Prime) : Umwe umwe ibihumbi ijana na mirongo itanu (150 000F) ; yose hamwe angana ibihumbi amajana atandatu (600 000F) ku kwezi.

Abakozi komine ihernba

Bangana ijana na mirongo ibiri(**120**) bakaba bahembwa bose hamwe amafaranga imiriyoni icumi na zitandatu n'amafaranga ibihumbi amajana indwi na mirongo icenda na rimwe n'amajana ane na mirongo ine n'icenda (**16 791 449**)

Intebe:

Izari zikenewe:**9527**

Izakozwe kandi zatanzwe mu mwaka w'ishuri 2025-2026:**2383**

Abigisha

Abakutsakivi umwaka w'ishuri:2025-2026:**305**

Abakutsakivi (bénévoles) bahembwa n'abavyeyi na komine. Mu mwaka w'ishure 2025-2026 :

*abavyeyi bahemvye:**81 359 850F**

* Komine yabahemvye:**50 922 210F**

Imisi mikuru uw'amakomine n'urwo gusigikirana :

- Uburyo bwatanzwe n'abenegihugu : 3 143 900F
- Komine ntabwo yatanze

3. KOMINE KIREMBA

N°	IBIBAZO BIHANZE: ABENEGIHUGU BO MURI KOMINE KIREMBA	ICO BASABA KO COKORWA
1.	Ubukene bw'ibitaro vya Komine kuko abenshi barinda kuja kwivuza i NGOZI canke i BUYE mu karere k'ubuvuzi ka NGOZI canke mu GASURA mu karere k'ubuvuzi ka VUMBI gutyo bigatuma bamwe bitaba Inana bariko baja kwivuza canke bakagurisha ivyo batunze kugira baronke impamba y'urugendo.	Barasaba ko iyo komine yoronswa ibitaro kugira abenegihugu boroherwe mu kwivuza hafi
2.	Kubura ibarabara rihuza zone ya NYAMUGARI na zone BIRAMBI bitewe n'uruzi BUYONGWE.	Bagasaba ko ikiraro cokwubakwa kuri urwo ruzi kugira imigenderanire yorohe.
3.	Hariho ivuriro ryubatswe muri 2018 ryahaze ariko kugeza ubu rikaba ritarugururwa kubera ata bikoresho n'abakozi bari kuri iryo vuriro.	Iryo vuriro ryoronswa ibikoresho n'abaganga kugira risahirize mu gukurikirana amagara y'abantu
4.	Ibarabara riva ku murwa mukuru wa Komine KIREMBA uja mu mazone ya MARANGARA, CINDONYI, GIHETA, NYAMUGARI, BIRAMBI na NYAMURENZA ridahita mu gihe c'imvura kubera ubunyerere.	Iryo barabara ryasanurwa kugira uruja n'uruza rwoho
6.	Ibarabara ry'igihugu RN6 ku gice ca Komine Kiremba ryarabazwe bigatuma habera amasanganya menshi.	Basaba ko ico gice c'ibarabara cosanurwa kugira uruja n'uruza rwoho n'amasanganya ahabera agabanuke
7.	Ubukene bw'amazi mu gisagara ca MASANGANZIRA	Kuronswa amazi meza akwiye

2

8.	Hari ibibanza vya Reta vyegereye ibarabara bitasizwemwo amabuye canke isima muri wa mugambi wa Reta w'isuku n'isukura kandi abenegihugu bahatiwe kuhasiga ku nguvu imbere y'aho bakoreye.	
----	--	--

2

MOIS	FONCTIONNEMENT		INVESTISSEMENT	
	RECETTES	DEPENSES	RECETTES	DEPENSES
MUKAKARO	44 775 200	44 903 340	461 000	0
MYANDAGARO	52 179 300	52 705 111	461 000	1 983 000
NYAKANGA	60 409 800	35 835 230	3 277 000	2 821 000
GITUGUTU	116 513 300	57 190 000	2 756 000	2 821 000
MUNYONYO	85 679 416	26 994 597	2 066 000	8 906 000
KIGARAMA	124 798 808	127 308 133	3 844 500	5 897 000
NZERO	176 673 308	95 668 929	3 331 500	5 668 800
RUHUHUMA	176 447 000	76 080 505	3 518 000	10 639 550
NTWARANTE	96 997 000	92 186 747	3 062 000	39 081 856
NDAMUKIZA	92 944 400	126 962 593	2 475 000	106 984 000
RUSAMA	141 001 750	75 789 351	7 088 000	83 275 000
RUHESHI	162 048 700	137 089 550	32 305 400	174 774 091
TOTAL	1 330 467 982	948 714 036	64 645 400	442 851 297

Uturusho duhabwa abakozi

Komine iraha Musitanteri, Umunyamanga nshingwabikorwa, abahanuzi ba musitanteri, umunyabigega, abatwara amazone n'abahanuzi bo mu mazonde uburyo bwo gutumatumanako amakuru (frais de communication).

Abakozi komine ihemba

Ni abakozi **73**, bahembwa 27 544 680 BIF ku kwezi

Intebe

Intebe zari zikenewe: 8 174

Iziinaze kuboneka: 2 857

Izigikenewe : 5 317

Abigisha

Abakutsakivi : 16

Abakorera bushake : 220

Bose bahembwa n'abavyeyi

Imisi mikuru iw'amakomine n'uwo gusigikirana :

Uburyo bwatanzwe n'abenegihugu : Nta mafaranga basabwe, batanze ibifungurwa gusa

Komine yatanze : 5 000 000Fr's (vyemejwe n'Inama ya komine)

Abaize inama ya komine

Barakwiye

2

4. KOMINE NGOZI

N°	IBIBAZO BIHANZI: ABENEGIHUGU BO MURI KOMINE NGOZI	ICO BASABA KO COKORWA
1.	Muri Zone RUKECO ikibazo c'amazi carabaye akayobera bahinga kuko n'aho bari bayatoye abahinga baje kuraba bavuze ko adakwije ibisabwa	Basaba Reta ko yofasha kugira abenegihugu bo muri iyo zone na bo baronike amazi meza
2.	Haravuka udu <i>centres de négoce</i> hirya no hino muri ya ntumbero yo kwihangira imirimo ariko bagaca babura umuyagankuba bakoresha	Abenegihugu baripfuzwa ko REGIDESO yugira <i>extension</i> kugira ngo abenegihugu bashobore kuza barakora ibikorwa vyo kwriteza imbere batarinze kurenga impinga baja kurondera umuyagankuba iyo uri
3.	Kutaronswa ikonteri z'amazi n'umuyagankuba kandi haciye imyaka ibiri abenegihugu barazirisha	Regideso yoronsa ku gihe abenegihugu barishe amakonteri y'amazi n'umuyagankuba
4.	Iyo ikawa zeze barateba gutangura kuzigura bigatuma abenegihugu bahahombera	Abagura ikawa botangura kuzigura kare



Uko amakori n'amatagisi yinjije mu mwaka wa 2025-2026 muri Komine NGOZI

-2026					
UKWEZI	Recettes Fonctionnement 2025	Recettes de Fonctionnement 2024-	Recettes de Fonctionnement 2025-	Difference	Pourcentage%
MUKAKARO	127 282 799		95 302 249	-31 980 550	74,87
MYANDAGARO	123 368 933		151 435 638	28066705	122,75
NYAKANGA	135 606 732		185 624 235	50017503	136,88
GITUGUTU	129 845 371		183 168 506	53323135	141,07
MUNYONYO	167 358 316		174 038 581	6680265	103,99
KIGARAMA	122 361 232		272 436 351	150075119	222,65
NZERO	187 207 760		344 143 939	156936179	183,83
RUHUHUMA	325 403 774		308 040 523	-17363251	94,66
NTWARANTE	112 404 260		280 345 273	167941013	249,41
NDAMUKIZA	197 954 204		280 316 908	82362704	141,61
RUJUSAMA	129571042		342488235	212917193	264,32
RUJHESI	126824321		428905839	302081518	338,19
TOTAL	1885188744		3 046 246 277	1 161 057 533	161,59
PREVISION 2025-2026			3 188 085 486		
Pourcentage			95,55		

2

Budget de Fonctionnement	Budget d'Investissement	TOTAL
1 841 129 019	2 219 081 806	4 060 210 825

Komine hari uturusho imaze gutanga ku bakozi ?

Oya Kominde Ngozi nta turusho iratanga ku bakozi

Komine hari abakozi yoba yarahaye akazi yihembera ? Ni bangahe ? Bahembwa angahe ?

Ego. Bahembwa : 20.039.239Fbu

Intebe mwari mukeneye zingahe ? Habonetse zingahe ? Habura zingahe ?

Intebe zari zikenewe : 6.669

Izimaze kuboneka : 1.975

Izibura : 4.694

Abigisha

Igitigiri c'abakutsakivi (vacataires) : **56** bahembwa n'abavyeyi

Igitigiri c'abakororabushake (Bénévoles) : **177** bahembwa na Kominde

Iminsi mikuru yo gushigikirana hamwe n'umunsi mukuru w'amakomine

Uburyo bwatanzwe n'abenegihugu	Uburyo bwatanzwe na Kominde	Uburyo bwatanzwe na Kominde bwemezwa gute ?
0	37.404.600Fbu	Bwemezwa na Musitanteri afadikanije n'Umunyabigega

Abagize inama ya Komine barakwiye ? Ego barakwiye.

5. KOMINE TANGARA

N°	IBIBAZO BIHANZE ABENEGIHUGU BO MURI KOMINE TANGARA	ICO BASABA KO COKORWA
1.	Amatati mu ngo biturutse ku bagabo baja kurondera ubuzima hanze y'igihugu bakagaruka basanga abagore baravyaye abana ku bandi bagabo	Hoba kwiga neza ingingo zofatwa kugira ico kibazo gitorerwe umuti urama kuko uretse amatati biriko biratera ubu, no muri kazozo bizotera izindi ngorane kubera abo bana bariko baravuka usanga ba se batamenyekana ngo babandikishe
2.	Abana batoya bajariwa muri Tanzaniya, bamwe abavyeyi babizi abandi batabizi, bagatwarwa nk'abagiye kudandazwa	Hoba kubandanya gihimiriza abavyeyi gukurikirana neza abana babo, abo na bo batwara abana abavyeyi babo batabizi bagahanwa vy'akarorero
3.	Hari imanza zicibwa nabi, cane cane mu masentare y'intango, bigatuma zidahera kandi zigaca ziguma zivuyura izindi ndyane mu miryango	Bagasaba abajejwe ubutungane ko bohimirizwa kwitwararika guca imanza bisunga amategeko, na cane cane abo mu masentare y'intango
4.	Abaporisi bakwiragijwe mu mazoni atandukanye, mu turere tumwe tumwe biramaze kuboneka ko bamwe bamwe ari bo bateza umutekano muke kandi ari bo bari bajejwe kuwuhagararira	Bohimirizwa kwitwara neza kugira abenegihugu babagirire icizere kurusha

Amafara yatojwe mu mwaka wa 2025-2026 muri Komine TANGARA

UKWEZI	AYATOJWE (RECETTES)
MUKAKARO	105 831 000
MYANDAGARO	116 995 300
NYAKANGA	159 449 387

GITUGUTU	155 338 200
MUNYONYO	145 627 400
KIGARAMA	285 830 667
NZERO	187 125 345
RUHUHUMA	123 820 300
NTWARANTE	156 649 116
NDAMUKIZA	154 992 350
RUSAMA	176 678 400
RUHESHI	142 955 100
TOTAL	1.889.565.305
Budget de fonctionnement	-
Budget d'investissement	-

Uturusho duhabwa abakozi

Komine iramaze gutanga uturusho

Abakozi komine ihemba

Abakozi 95 bahembwa 20 465 259 Fbu/ku kwezi

In'itebe

Izari zikenewe: 8 137

Izakozwe kandi zatanzwe : 2.351

Izibura : 5.789

Abigisha

Habura abigisha 248:

Abakutsakivi (vacataires) : 0

Abakorera bushake (bénévoles) : 95 bahembwa n'abavuye

Imisi mikuru uw'amakomine n'uko gushigikirana :

Uburyo bwatanzwe n'abenegihugu : 1 622 200F, imfungurwa : 11 770.5kg

Komine yatanze : 0

Abagize inama ya komine

Barakwiye

6. KOMINE MUHANGA

N°	IBIBAZO BIHANZE ABENEGIHUGU BO MURI KOMINE MUHANGA	ICO BASABA KO COKORWA
1.	Mu bibazo bihanze abenegihugu ni cane cane ibibazo vy'amatongo hamwe n'imanza zidahera ziri mu masentare	
2.	Abafise ubugwayi bwo mu mutwe imiti yabo irazimvye cane nta buryo imiryangi ironka bwo kubavuzi	Reta yosahiriza mu kuvuza abafise izo ndwara zo mu mutwe
3.	Abantu b'amikoro make batagira aho baba	

4.	Komine Muhanga nta shure rya Reta rifise uburaro na rimwe bafise	Basaba kuronswa ishure rifise uburaro kugira abana boroherwe
----	--	--

Amafaranga yatojwe mu mwaka wa 2025-2026 muri Komine MUHANGA

UKWEZI	AYATOJWE (RECETTES)
MUKAKARO	41 536 200
MYANDAGARO	44 468 900
NYAKANGA	86 005 100
GITUGUTU	90 429 240
MUNYONYO	89 270 800
KIGARAMA	111 993 800
NZERO	90 786 622
RUHURUMA	90 609 700
NTWARANTÉ	103 814 070
NDAMUKIZA	108 786 755
RUSAMA	98 849 700
RUHESHI	119 525 800
TOTAL	-

X

Budget de fonctionnement	720 943 405
Budget d'investissement	660 793 440

Uturusho duhabwa abakozi

Komine iratanga uburyo bwo gutumatumanako (frais de communication) ku bahanuzi ba musitanteri, abatwara ibisata muri komine hamwe n'abarongoye amazone

Abakozi komine ihemba

Abakozi 85 bahembwa 20 360 002 Fbu/ku kwezi

Initebe

Izari zikenewe: 7 636

Izakozwe kandi zatanze : 4 769

Izibura : 2 867

Abigisha

Habura abigisha 248

Abakutsakivi (vacataires) : 0

Abakorerabushake (bénévoles) : 302 bahembwa n'abavyeyi 100 000Fr/mois

Imisi mikuru y'umakomine n'uw'umukigikirana :

Uburyo bwatanze n'abenegihugu : 11 970 700Fr, imfungurwa : 22 tonnes

Komine yatanze : 5 000 000Fr

Abagize inama ya komine

Barakwiye

7. KOMINE KAYANZA

N°	IBIBAZO BIHANZIE ABENEGIHUGU BO MURI KOMINE KAYANZA	ICO BASABA KO COKORWA
1.	Abigisha baronse akazi kuva muri Munyonyo 2025 gushika ubu batarahembwa	Bagasaba ko ababijwe bobafasha bakaronswa imishahara yabo vuba kuko aho bapanze baheranye amahera menshi cane
2.	Komine Kayanza ni intara yagutse cane ikaba ifise district imwe gusa, biragorana cane gukurikirana neza igisata c'amagara y'abantu	Bagasaba ko boronswa n'iminuriburi ubundi burere bw'ubuvuzi bubiri kugira ishoboire gusahiriza neza abenegihugu
3.	Amatongo ya Reta atagira impapuro ndangatongo (titre foncier)	Hogira igikozwe kugira amatongo ya Reta amenyekane yose kandi aronswe impapuro ndangatongo
4.	Kudakorera mu buhinga bwa none mu bisata bigize ubuzima bwa komine: (non digitalisation des services communaux)	Reta yofasha kugira ibisata vya komine bikorere mu buhinga bwa none (digitalisation)
5.	Ibiciro ku masoko vyaraduze cane, bituma abenegihugu batisunura	
6.	Amavuriro ari kure y'ibiro vya komine ataronka abakozi kubera batemera kujayo	Reta yogira ico ikoze kugira abaganga bakorera mu turere twa kure baronswe uturusho dutuma bahurumbira kujayo

Aniafaranga yatojwe mu mwaka wa 2025-2026 muri Komine KAYANZA

UKWEZI	AYATOJWE (RECETTES)
MUKAKARO	70 471 599
MYANDAGARO	130 713 883
NYAKANGA	168 080 746
GITUGUTU	218 435 314
MUNYONYO	163 498 535
KIGARAMA	258 926 013
NZERO	246 535 314
RUHUHUMA	194 514 389
NTWARANTE	211 457 607
NDAMUKIZA	267 520 310
RUSAMA	201 661 672
RUHESHI	221 225 570
TOTAL	2 354 719 366
Budget fonctionnement	de 1 292 607 145
Budget d'investissement	989 872 707

Uturusho duhabwa abakozi

Ego turahari

Abakozi komine ihemba

Bangana **88** bakaba bahembwa bose hamwe amafaranga **19 170 512BIF** ku kwezi

Intebe:

Izari zikenewe: **7 838**

Izakozwe kandi zatanzwe : **1 835**

Izibura : **6 002**

α

Abigisha

Abakutsakivi (vacataires) : 0

Abakorerabushake (bénévoles) : 167 bahembwa hagati ya 70 000 na 100 000 atangwa n'abavyeyi

Imisi mikuru uw'amakomine n'uko gushigikirana :

Uburyo bwatanzwe n'abenegihugu : 9 323 000 yashizwe kuri konte yo gufatana mu nda ya komine

47 607 300 agaciro k'ibifungurwa vyatanzwe (valorisation des aliments)

Komine yatanze : 13 260 400 hisunzwe *devis* yatanzwe na komite itegura imanza muri komine

Abagize inama ya komine

Ntibakwiye habura babiri (02.)

8. KOMINE MATONGO

N°	IBIBAZO BIHANZWE ABENEGIHUGU BO MURI KOMINEMATONGO	ICO BASABA KO COKORWA
1.	Umuyagankuba n'amazi meza (amabombo) bitarashikanwa ku mitumba yose	Reta yofasha kugira uturere twose dushikirwe n'amazi meza
2.	Ubukene bw'ubwiherero rusangi	
3.	Ubukene bwa nyabarega rusangi	
4.	Inzoga zibangamiye ubuzima bw'abenegihugu aho hari n'abamaze kwiwaka ubuzima kubera akabonerwe	

α

Amafaranga yatojwe mu mwaka wa 2025-2026 muri Komine MATONGO

UKWEZI	AYATOJWE (RECETTES)
MUKAKARO	48 588 200
MYANDAGARO	58 808 300
NYAKANGA	82 737 100
GITUGUTU	61 898 760
MUNYONYO	90 541 700
KIGARAMA	130 870 114
NZERO	104 457 000
RUHUHUMA	154 669 500
NTWARANTE	160 138 800
NDAMUKIZA	97 028 900
RUSAMA	260 612 046
RUHESHI	153 251 970
TOTAL	1 824 389 036
Budget fonctionnement	de 788 249 521
Budget d'investissement	1 036 139 515

Uturusho duhabwa abakozi

Komine iramaze gutanga uturusho

Abakozi komine ihamba

Bangana 27 bakaba bahembwa bose hamwe amafaranga 4 900 912 ku kwezi

Intebe

Izari zikenewe: 9 076

Izakozwe kandi zatanzwe : 4 757

Izibura : 4 319

Abigisha

Abakutsakivi (vacataires) : 173 bahembwa n'abavyeyi
Abakorerabushake (bénévoles) : 136 bahembwa n'abavyeyi

Imisi mikuru uw'amakomine n'uwo gushigikirana :

Uburyo bwatanzwe n'abenegihugu : 648 000
Komine yatanze : 2 570 000 (Ubwu buryo ritiburemezwa)

Abagize inama ya komine

Ntibakwiye habura umwe (01) : umwanditsi

III. IMPANURO ZATANZWE

Aho bacye hose, inyuma yo guhanahana ivyiyumviro bafatiye ku vyo ba musitanteri baba bashikirije mu vyegeranyo vyabo n'intererano zatanzwe, abakenguzamateka baratanga impanuro ku ndongozi zari zitavye ibikorwa, aho babahamagarira cane cane kwama bakora bisunze amategako no guhimiriza abenegihugu barongoye :

- Kubungabunga umutekano bakadoma urutoke kuri ivyo vyose bibateye amakenga ;
- Kubungabunga umwimbu ntibawumarire ku masoko ;
- Kutarenga ibigo kuko bituma basesagura amatungo y'umuryango bigakwega n'indiyane zitandukanye ;
- Guheba urudandaza rwa magendo (fraude) na cane cane ko amakomine amwe amwe y'intara ya Butanyerera yegereye imipaka Uburundi buhana n'ibindi bihugu ;
- Guhamagarira abavukakomine barangurira imirimo hanze y'ikomine kwitabira umunsi mukuru w'amakomine kugira baganire ibijanye n'iterambere rya komine bari kumwe atari ku materefone na kare ngo « inkuru mbarirano irutwa n'yo wiboneye ».
- Ikijanywe n'ibisata vyo mu makomine bivuga ko bitaronkejwe uturyo bukiye, babibukije ko boraba ko bateguye neza PTBA zabo kuko Reta ilanga uburyo yisunze ibikorwa bizokorwa
- Mu gisata c'amagara y'abantu, abakenguzamateka babahamagariye guhimiriza abajewe ibitaro n'amavuriro gufata neza abakozi bafitaniye amasezerano n'ibitaro/amavuriro bajewe kuko iyo bafashye nabi bituma baca bigira gukora ahandi.

α

IV. GUSOZERA

Mu ntara ya Butanyerera, mu makomine yose yagendewe barakengurukiye Inama Nkenguzamateka ukuntu yama yitwararika kuba hafi amakomine, bakanakenguruka ko mu vyo bari bashikirije mu ngendo zabaye muri Gitugutu 2025 hari ibitari bike bimaze gutorerwa umuti ; baca banabasaba ko n'ubu bobashikanira imbere ibikigiranye kugira na vyo bitore umurongo. Baca basaba ko iyo ngendo yo kwama hafi amakomine yokomezwa.

Barashimye no ku mutima wo kwitaho abenegihugu b'amikoro make Inama Nkenguzamateka yerekanye mu kuronsa abana bava mu miryango ifise amikoro make amakaye, na cane cane ko bari mu bihe vyo gutangura umwaka w'ishuri 2026-2027.

Uwari arongoye umurwi wagiye mu ntara ya BUTANYERERA

Umukenguzamateka NZOYIHA YA Berchmans

